



Pou Piblikasyon Imedya: 11/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEFI REZO FITI A KI KOUTE 15 MILYON DOLA POU MODÈNIZE REZO ELEKTRIK NEW YORK LAN

*Jiska 3 Milyon Dola Disponib pou Chak Domèn Defi pou Teknoloji Ki Ap Ede Sèvis Piblik yo Sipase Defi Sistèm Transmisyon ak Distribisyon Enèji yo*

*Pwogram Lan Sipòte Nouvo Akò Ekolojik Agresif New York lan Ki Ap Mete Eta New York sou Yon Wout Pou Vin San Kabòn*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a premye faz finansman pou Defi Rezo Fiti a (Future Grid Challenge) ki koute 15 milyon dola, ki se yon pwogram pou ede rezoud defi teknik ke sèvis piblik yo ap fè fas a yo ak transmisyon ak distribisyon enèji lè yo ap entegre resous enèji renouvlab yo nan rezo elektrik New York lan. Modènizasyon rezo a sipòte manda Gouvènè a genyen ki ap mennen nan nasyon an pou gen 70 pousan elektrisite renouvlab apati 2030 ak yon rezo elektrik ki san kabòn apati 2040 jan ke yo te enkli nan pwojè lwa istorik sou klima a ke Kò Lejislatif la fèk fin adopte a, ki se Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act) nan Eta New York.

"New York ap dirije batay kont chanjman klimatik yo epi priyorize plis rezistans ak fyabilite pandan evènman metewo ekstrèm yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.**

"Investisman sa yo pral ajoute enèji renouvlab tankou enèji ewolyèn ak solè yo pou kreye yon rezo fiti ki ap konble neseseite kominote yo ki toupatou nan Eta a epi mennen nou nan yon rezo elektrik ki pwòp, ki konplètman san kabòn."

"Apati itilizasyon dènye avansman teknolojik yo, New York pral kontinye fè vanse objektif enèji pwòp ak klimatik nou genyen yo apati entegrasyon enèji renouvlab yo, ki ap redwi degajman kabòn yo, epi pwoteje resous natirèl nou yo pou jenerasyon fiti yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Anons sa a montre angajman nou pran pou devlope epi mentni enfrastrikti ki nesese pou konstwi rezo fiti a epi fè vanse enèji ki pi pwòp, pi ekolojik toupatou nan Eta a."

Administre pa Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji yo nan Eta New York (New York State Energy Research Development Authority, NYSERDA), Defi Rezo Fiti a pral ofri finansman pou konpayi teknoloji rezo yo ak enstitisyon rechèch yo ki pral abòde defi ki klase soti nan neseseite pou gen pi gwo sistèm an tan reyèl yo pou rive nan enkòpore teknoloji entelijan yo ak estokaj enèji nan planifikasyon ak operasyon rezo elektrik yo. Inisyativ sa a pral gen de faz ak chak faz ki ap abòde domèn defi ki diferan yo.

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,**

"Deplwaman enèji renouvlab tankou enèji solè, estokaj ak ewolyèn yo nan anplè pandan ke nou ap fè tranzisyon pou vin gen 100% elektrisite ki san kabòn apati 2040

sa mande investisman kontinyèl nan teknoloji modènizasyon rezo inovatif yo tankou sa ke yo sipòte yo nan kad Defi Rezo Fiti a. Sou Gouvènè Cuomo, New York ap rete djanm nan angajman li pran pou fè vanse solisyon enèji pwòp yo epi defi sa a pral ede idantifye apwòch pwogresis yo pou kèk nan defi ki pi krisyal nan enèji yo ke yo te fè fas a yo nan entèfas ak fonksyonman nan rezo elektrik la."

Nan premye faz finansman sa a, gen jiska 6 milyon dola ki disponib pou pwojè ki ap fè patenarya ak antite sèvis piblik Con Edison ak Orange & Rockland (O&R) ak jiska 3 milyon dola ki disponib pou chak defi sèvis piblik pou sipòte devlopman solisyon teknik yo. Pwopozisyon yo ta dwe konsantre sou:

- Ede Con Ed fè vanse sipèvizyon, kontwòl, analiz done ak previzyon avanse yo nan Resous Enèji Distribye yo (Distributed Energy Resource, DER)
- Asiste Orange and Rockland nan amelyorasyon fonksyonalite invètè entelijan yo pou bay entegrasyon komòd resous ki distribye yo, amelyore estabilite rezo yo epi redwi pèt sistèm yo

Delè pou [pwopozisyon](#) yo se 9 Oktòb 2019. Rèl fon yo pral disponib atravè dezyèm faz pwogram nan pi devan nan ane 2019 ak nouvo defi ak sèvis piblik ke yo te idantifye epi te enkli.

Pou prepare pou inisyativ enpòtan sa a, ekip Rezo Entelijan NYSERDA a te travay ansanm ak manm Sèvis Piblik Konjwen New York yo ki se Con Edison, Central Hudson Gas & Electric, National Grid, New York State Electric and Gas, Rochester Gas and Electric, ak Orange & Rockland pou idantifye defi transmisyon ak distribisyon yo ke chak sèvis piblik yo ap fè fas a yo. Ansanm, antite sèvis piblik sa yo ap bay sèvis elektrik pou plis pase 13 milyon fanmi, biznis, ak etablisman gouvènman yo ki toupatou nan Eta New York. Chak defi espesifik te devlope an patenarya ak sèvis piblik yo, epi chak antite sèvis piblik pral patisipe nan chwa komite pou defi respektif yo. Pou kalifye pou yon prim, pwopozisyon yo te soumèt yo dwe abòde espesifikman defi inik ki idantifye pou sèvis piblik yo chwazi yo.

**Senator Kevin S. Parker, Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon Sena (Senate Committee on Energy and Telecommunications), te di,** "Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te pran devan nan reyalize enèji ki pwòp epi ki dirab epi prezève resous natirèl nou yo pou jenerasyon moun New York ki gen pou vini yo. Anons jodi a ak angajman pèmanan Eta a pral asire ke New York ap kontinye rete sou devan sèn lan nan batay kont chanjman klimatik yo".

**Ben Brown, ki se Direktè Pwojè Orange & Rockland - Rezo Entelijan, te deklare,** "O&R ak NYSERDA te gen yon istwa patenarya ki long nan pwojè ki te fè vanse rechèch ak devlopman dènye teknoloji yo ki te mete endistri sèvis piblik yo nan pwòch jenerasyon siveyans ak kontwòl yo. Defi Rezo Fiti a se yon lòt egzanp de patenarya sa a. Rezilta pwojè sa a pral pèmèt sèvis piblik nou yo, ak endistri sektè piblik yo okonplè, pou pi byen konprann teknoloji invètè etelijan yo ak avantaj ke invètè sa yo ka pote pou sistèm distribisyon an".

"Patisipasyon nou nan Defi Rezo Fiti a pral jenere solisyon inovatif pou ede nou fè li vin menm pi fasil epi pi benefisyè pou kliyan nou yo ka chwazi resous renouvlab yo", **se sa Matthew Ketschke, ki se Vis Prezidan Siperyè, Solisyon Enèjetik pou Kliyan yo, pou Con Edison, te deklare.** "Pwogram sa a bay egzanp sektè piblik ak sektè prive nan Eta New York yo ki ap travay ansanm pou konstwi rezo modèn ki esansyèl pou kreye avni enèji pwòp ke nou vle a."

Finansman Defi Rezo Fiti a konpleman lèt finansman pou rezo entelijan NYSERDA a ke yo te anonse anvan sa yo, ki gen ladan 30 milyon dola [ke yo te anonse](#) pou sipòte pwòje ki ap devlope oswa amelyore pwodwi oswa teknoloji rezo elektrik yo, ansanm ak 5 milyon dola ke yo te mete [disponib](#) pou ranfòse epi sipòte koneksyon resous renouvlab yo ak rezo a.

Pwogram rezo entelijan NYSERDA a konsantre sou fè vanse objektif Eta New York genyen yo pou modènize rezo elektrik New York lan apati entegrasyon nouvel teknoloji yo. Depi 2016, pwogram nan te bay anviwon 25 milyon dola atravè 55 kontra pou konpayi teknoloji rezo yo ak òganizasyon rechèch yo. An total, yo te dedye 110 milyon dola pou jiska 2022 nan kad Plan Envestisman Modènizasyon Rezo nan Fon Enèji Pwòp la (Clean Energy Fund Grid Modernization Investment Plan) pou ede modènize rezo elektrik New York lan. Pwòje resan yo gen ladan sansè rezo ki pa chè epi gen anpil presizyon yo, zouti pou kreye modèl ak simulasyon yo, ak solisyon enjenyeri ki avanse yo pou plis entegrasyon ki efikas pou enèji ewolyèn ak solè yo. Enfòmè pi plis sou [sit entènèt](#) NYSERDA a.

###

Lèt nouvel disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)